

Bilten Sante

DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK

#96 nan yon seri Bilten Sante osijè kesyon ki enterese anpil tout moun k ap viv nan Vil Nouyòk

Pwoteje pitit ou kont HPV Vaksinen: Plis li bonè, Plis li bon





Vaksen kont HPV: Pouki sa *Tout jennan* ki gen omwens 13zan ta dwe vaksinen

- Vaksen kont HPV (papilomavirus imen) an anpeche pifò tip enfeksyon HPV ki rive pi souvan yo e ki koze kansè anal (nan twou dèyè) ak sèvikal (nan kòl matris). Vaksen an anpeche tou veri jenital fòme.

HPV rive souvan

- HPV se maladi moun trape nan fè sèks ki rive pi souvan Ozetazini. Anviwon 20 milyon moun Ozetazini enfekte ak HPV. Yon lòt 6,2 milyon moun devlope maladi an chak ane.
- Plis pase lamwatye moun ki abitye gen rapò seksyèl devlope maladi HPV an nenpòt ki moman pandan lavi yo. Pifò nan moun sa yo enfekte lè yo pi jenn e lè yo kòmanse gen rapò seksyèl pou premye fwa.
- Souvan HPV pa gen okenn sentòm. Yon moun gen dwa enfekte ak HPV – e li transmèt li bay lòt moun – san li pa menm konn sa.
- HPV gen dwa koze kansè sèvikal (nan kòl matris) kay fanm. Epitou, li gen dwa lakòz kansè anal (nan twou dèyè), kansè oral ak kansè ki rive mwens souvan, tankou kansè nan penis ak kansè nan vajen.
- Gen plizyè etid ki sijere rezon ki fè gen yon ogmantasyon nan ka kansè ki asosye ak HPV e ki prezante kay moun ki gen ant 40 lane ak 60 lane yo, se poutèt moun sa yo te ekspoze ak viris HPV a lè yo te pi jenn.

Vaksen kont HPV san danje e li efikas

- Vaksen an trè efikas kont tip HPV ki pwovoke pifò kansè sèvikal (nan kòl matris) ak anal (nan twou dèyè) ak pifò veri jenital yo.
- Etid yo montre vaksen kont HPV an pa gen okenn danje ladann. Yo sèvi avèk li anpil Ozetazini ak nan lemondan depi 2006.
- Efè segondè grav poutèt vaksen kont HPV an pa rive souvan ditou. Jeneralman, efè segondè ki rive pi souvan yo pa grav, tankou yon ti doulè kote yo te pike moun lan.
- Ou pa kapab devlope maladi HPV an lè w pran vaksen kont HPV an. Li pa gen viris HPV ladann.

Kimoun ki ta dwe pran vaksen kont HPV an?

Plis li bonè, plis li bon: Tout fi ak gason ki gen ant 11 ak 12 zan

- Tout fi ak gason ta dwe resevwa vaksen kont HPV an *anvan yo kòmanse gen rapò seksyèl*. Yo pral santi tout benefis vaksen an nèt si yo potko janm ekspoze ak HPV.
- Timoun ki gen omwens 9 lane gen dwa pran vaksen an.

Jennan ak jenn adilt ki gen ant 13 ak 26 zan ki p at vaksinen lè yo te pi jenn

- Vaksen an fonksyone pi byen lè yo bay li anvan moun lan gen kèlkeswa rapò seksyèl. Men jennan ak jenn adilt gen dwa jwenn benefis nan vaksen kont HPV an kanmenm menmsi yo gen rapò seksyèl.
- Si yo vaksinen yon moun apre li deja enfekte ak yon kalite HPV vaksen an takle, vaksen an p ap pwoteje l kont kalite HPV sa a. Men l ap kontinye pwoteje li kont lòt kalite yo.





Kijan yo bay vaksen an?

- Yo bay vaksen an, an 3 piki sou 6 mwa.
- Tout fi ak gason ta dwe pran tout seri piki yo pou yo kapab gen tout pwoteksyon kont viris la.

Ki kote ou kapab jwenn vaksen kont HPV an

- Rele doktè pitit ou a pou chèche konnen si vaksen an disponib.
- Klinik Vaksinasyon Depatman Sante yo ofri vaksen kont HPV gratis oswa ki bon mache pou timoun ak jennjan ki gen omwens 13 zan.
- Si w bezwen plis enfòmasyon konsènan ki kote ou kapab jwenn vaksen kont HPV an, rele **311**.

Plis enfòmasyon

- Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (*New York City Department of Health and Mental Hygiene*): nyc.gov epi ale chèche **HPV vaccine** an, oswa rele **311**
- Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Ozetazini (*U.S. Centers for Disease Control and Prevention*): cdc.gov/std/hpv
- Administrasyon pou Kontwòl Aliman ak Medikaman Ozetazini (*U.S. Food and Drug Administration*): fda.gov
- Enstiti Nasyonal pou Kansè (*National Cancer Institute*): cancer.gov
- Sosyete Amerikèn pou Kansè (*American Cancer Society*): cancer.org

**RELE
311**

Si w vle kopi nenpòt ki Bilten Sante

Pou w kapab jwenn tout Bilten Sante yo, al gade nan nyc.gov/health.

Si w vle yon abònman gratis pa imèl, al gade nan nyc.gov/health/email.

Vaksen kont HPV: Move konsepsyon ak Reyalite yo

1

Move konsepsyon: Pitit mwen twò piti pou l pran vaksen kont HPV an.

Reyalite: Vaksen kont HPV an gen pi bon rezilta lè timoun oswa jennjan ki gen omwens 13zan pran li anvan li kòmanse fè sèks. Sa pral bay pitit ou tan pou li ranfòse pwoteksyon li kont enfeksyon HPV a. Li enpòtan pou w vaksinen pitit ou a depi koulye an, anvan li gen laj pou maladi HPV tounen yon pwoblèm.

2

Move konsepsyon: Lè ou bay yon jennjan vaksen kont HPV an, se kòm si ou ba li otorizasyon pou li fè sèks.

Reyalite: Divès etid montre jennjan ki vaksinen kont HPV pa fè sèks pi souvan ni yo pa gen plis patnè seksyèl pase sa ki pa vaksinen yo.

3

Move konsepsyon: Ou kapab enfekte ak HPV sèlman si w fè sèks.

Reyalite: Ou kapab enfekte ak HPV lè w fè nenpòt ki kalite sèks, menm lè ou fè sèks anal (nan twou dèyè) ak sèks oral ansanm ak lòt kontak seksyèl kote po yon moun antre an kontak ak po lòt moun lan.

4

Move konsepsyon: Fanm ki te pran vaksen kont HPV an pa bezwen fè Pap tès (tès fwoti).

Reyalite: Vaksen kont HPV an pa anpeche tout tip kansè sèvikal (nan kòl matris), kifè li enpòtan pou fanm fè tès deteksyon regilyèman pou kansè sèvikal (nan kòl matris). Si w bezwen plis enfòmasyon osijè tès pou detekte kansè sèvikal (nan kòl matris), al gade sou entènèt la nan [nyc.gov](https://www.nyc.gov) epi chèche **Pap test**, oswa rele **311**.

VOLIM 12, NIMEWO 2

Bilten Sante

DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK

#96 nan yon seri Bilten Sante osijè kesyon ki enterese anpil tout moun k ap viv nan Vil Nouyòk


Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk
New York City Department of Health and Mental Hygiene
Gotham Center, 42-09 28th Street
L.I.C., New York 11101-4134



Pwoteje pitit ou kont HPV
Vaksinè : Plis li bonè, plis li bon

**RELÉ
311**

Pou sèvis ki pa ijan nan Vil Nouyòk
Entèprèt nan telefòn ki pale plis pase 170 lang



Eskane pou w kapab jwenn yon klinik vaksinasyon ki toupre w.